



MOUVEMENT INAMAHORO
FEMMES ET FILLES POUR LA PAIX ET LA SECURITE

UBUTUMWA BW'UMUHARI INAMAHORO

KU MUNSI MPUZAMAKUNGU WAHARIWE AMAHORO – ITARIKI YA 21 NYAKANGA 2025

Kw'igenekerezo rya 21 Nyakanga 2025, umunsi mpuzamakungu wahariwe amahoro, umuhari INAMAHORO waratunganije ikiganiro ku civugo:

« Ikiyago hagati y'abakiri bato n'abakuze mu ntumbero yo kurondera amahoro arama mu Burundi ».

Ico kiyago cahuje abarundi bo mu bigero bitandukanye: abagabo n'abakenyezi, urwaruka n'abakuze, bose bahurijwe hamwe n'ugushaka amahoro arama mu gihugu cacu.

Ikiyago cafashije gutahura imizi y'ingorane zimaze imyaka myinshi zizingamitse Uburundi, zituma igihugu kigoyagoya mu mpande zose. Ibura ry'uburongozi bwubakiye ku nyungu z'abanyagihugu, bushobora guhangana n'akahise kabi igihugu cacyemwo, niyo ngorane nyamukuru ihanze igihugu c'Uburundi.

Intumbero nyamukuru y'iyi nama Kwari uguhimiriza urwaruka gutandukanya ingaruka z'indyane igihugu kirimwo, imizi y'izo ndyane kuva ku gihe c'ubukoloni, no kubibutsa ko amahoro n'iterambere vy'u Burundi biri mu maboko yabo, arivyo bategerezwa kwitwararika imbere ya vyose.

Abitavye iyi nama, ico bahurijeko nuko ingorane nyamukuru zizingamitse Uburundi ari:

1. Gutakaza Umuco w'Abarundi n'Akaranga k'Uburundi
2. Isamburwa rya demokarasi n'inzego zubakiye ku karanga k'igihugu
3. Ubukene burenze urugero
4. Kwanka kwemera ukuri, bikaba arivyo ntandaro y'akaga Uburundi burimwo

Aho kuguma dutunga urutoke umukoloni, ni twe Abarundi ubwacu dutegerezwa guhangana n'izi ngorane, tugashira inguvu hamwe kugira dutore umuti urama.

Umuhari INAMAHORO urateye akamo Abarundi n'Abarundikazi bose aho baherereye ngo:



MOUVEMENT INAMAHO

FEMMES ET FILLES POUR LA PAIX ET LA SECURITE

- Bame barikanuye,
- Bamirire kure uwo wese yobandanya kubacanishamwo afatiye kuri politike, ku bwoko canke ibindi.

Ivyo nivy vyama biduhekura, igihugu cacu kikama mu marira, bigatuma ubwonko bwa benshi buzizwamwo ubukoloni bushasha, bigatera ubukene n’umutekano muke mu gihugu.

Twese hamwe, twamirire kure amayeri yo kudutandukanya no kutubibamwo urwanko, duhagurukire rimwe, dushigikire ubumwe, gufashanya hagati yacu, tugumane iteka n’icubahiro mu mvugo no mu ngiro.